

Pwoteje Tèt ou kont Maladi Kontajye yo Gid Jeneral pou Travayè Agrikòl yo

Bèt yo ka pwopaje maladi bay moun. Ou ka tonbe malad lè w an kontak ak bèt, likid kòporèl yo, oswa sifas ki kontamine. Gen kèk maladi ki ka fè moun malad san yo pa pwovoke sentom lakay bèt yo. Swiv konsèy sa yo pou w pwoteje tèt ou kont maladi sa.



Lave men ou ak savon ak dlo

pandan tout jounen an ak anvan ou manje.
Evite touche je w, nen w, ak bouch ou.



Mete rad pwoteksyon lè w ap travay dirèkteman avèk bèt yo, fimye yo, oswa likid kòporèl yo (pa egzanp, ekoulman nazal, lèt ki pa pasterize).

Mete Gan

Lave men ou epi chanje gan aprè chak aktivite



Mete Salopèt
Salopèt/kouvèti ki fasil pou netwaye aprè aktivite yo

Mete Bòt ki Pwòp

Netwaye bòt ou yo oswa mete kouvèti pou bòt yo



Pwoteje je ou ak bouch ou

Pwoteksyon figi ka pwoteje ou kont likid. Sèvi ak pwoteksyon vizaj oswa linèt pwoteksyon

Pran Vaksen Vaksen yo san danje. Pran vaksen pwoteje ou menm ak lòt moun pou yo pa tonbe malad. Vaksen enpòtan pou travayè agrikòl yo, vaksen Influenza, Tdap, COVID-19 ak lòt ankò ladan l tou. Pale ak founisè swen sante w la pou w ka aprann plis bagay sou vaksen pou travayè agrikòl yo.



Si ou santi ou malad

Kontakte founisè swen sante ou a, klinik sante nan travay ou a, oswa depatman sante lokal ou a. Si ta gen ijans, rele 911.



DEPATMAN
SANTE AK SÈVIS SOSYAL
KAWOLIN DINÒ
Divizyon Sante Piblik